



# Pinèz

Updated 8/1/19

## Kisa pinèz yé?

- Pinèz se ti ensèk piti, koulè wouj, mawon, san zèl.
- Yo renmen mòde moun, sitou nan mitan lannuit.



## Èske pinèz move pou sante mwen?

- Pinèz PA afekte sante alontèm.
- Mak dan pinèz yo kapab grate, anfle, oswa wouj, men yo ale byen vit.
- Pinèz PA transmèt maladi.
- Pinèz PA rete sou kò a tankou pou.

## Kijan mwen kapab anpeche pinèz?

- PA achte malèt oswa mèb dezyèm men.
- Bouche fant oswa twou nan mi, plafon, ak planché yo.
- Kenbe yo bonè. Si w panse ou genyen pinèz, rele **617-534-5965** pou mande yon enspeksyon.



## Kijan pou m fè konnen si genyen pinèz nan kay mwen?

Ou jwenn pinèz dabitid nan matla ak mèb, anba tapi, ak nan bagaj yo. Ou kapab jwenn yo tou nan mi, dèyè ankadreman foto, tou pre plòg elektrik, elatriye. Ou kapab wè:

- Tach ki wouye oswa wouj sou dra ak matla yo.
- Mak dan sou oumenm oswa manm nan fanmi ou. Yo souvan sanble ak mak dan moustik.
- Pinèz, poupou yo (ti tach nwa), oswa ze yo (ti boul ak fòm oval, pal, jòn) anba oswa nan pli/kwen yon matla.

Si w panse ou genyen pinèz, rele **617-534-5965** pou mande yon enspeksyon kay.

## Kay mwen gen pinèz. Kisa mwen dwe fè?

- Si ou lwe kay ou, di mèt kay la sa tousuit.
- Se responsabilite mèt kay la pou rele yon ekstèminatè ki lisansyé pou retire pinèz yo nan kay la.
- Lave TOUT rad, dra, ak lenn nan dlo cho epi seche yo nan gwo chalè. Fèmen tout bagay nan sache plastik jiska apre ekstèminatè te vini.
- Suiv tout enstriksyon ekstèminatè yo. Li gen dwa pran plis pase 1 tretman pou elimine pinèz yo.



617-534-5965



1010 Massachusetts Ave  
Boston, MA 02118



bphc.org/environment



environment@bphc.org